



## Lekòl Piblik Boston

# Règleman Konsènan Rezidans

REPONS POU KESYON KI PI FREKAN YO

### Kisa BPS rele règleman rezidans?

Nan lane 2004, Komite Lekòl Boston an apwouve kèk règleman rezidans tounèf pou tout Lekòl Piblik Boston yo (BPS). Nou anvizaje politik nouvo sa a, dapre rekòmandasyon Sipèntandan Thomas W. Payzant, pou nou asire nou ke se sèlman fanmiy k ap viv nan Boston ki pou gen aksè konplè a opòtinite edukatif n ap ofri nan Lekòl Piblik Boston yo. Nan politik tounèf sa a, nou mete yon definisyon pi klèr pou kozman "rezidans" lan pou tout Lekòl Piblik Boston yo, kote nou ekzije piplis prèv pou rezidans, avèk aplikasyon penalite pi sevèr pou fanmi nou jwenn ki vyole règleman rezidans nou yo.

### Kijan nou defini "rezidans" nan Boston?

Yon elèv dwe reside nan lavil Boston lan, pou elèv sa a frekante Lekòl Piblik Boston yo. "Rezidans" se kay kote yon moun abite an pèmanans, non pa tanporèman, epi kay sa a se santr tout aktivite lavi li, aktivite lavi li sosyalman e sivikman. Si yon timoun ap viv tanporèman nan Boston senpleman pou li ka ale lekòl, nou pap konsidere sa a kòm rezidans.

Lè yon timoun minè, rezidans timoun sa a se rezidans legal paran oubyen gadyen ki responsabl timoun sa a. Nenpòt elèv ki gen laj 18 an ou plis kapab etabli rezidans li an deyò kay paran oubyen gadyen li yo pou li kapab kontinye ale lekòl.

### Kijan BPS verifye rezidans nan Boston?

Lè yon fanmi enskri pou Lekòl Piblik Boston yo, oubyen soumèt yon chanjman adrès, fanmi sa a dwe bay prèv li reside nan Boston avèk prezantasyon yon dokiman de twa kategori diferan jan nou eksplike sa a piba a. Rele nenpòt Santr Resous Fanmi (FRC) ou tchyeke "website" BPS lan ([www.bostonpublicschools.org/residency](http://www.bostonpublicschools.org/residency)) pou yon lis konplèt prèv rezidans nou aksepte yo.

Pou verifikasyon rezidans, BPS gen dwa pou li ekzije piplis dokiman, oubyen pou li kondui pwòp envestigasyon pa li. Paske elèv ak fanmi yo kapab chanje rezidans pandan ane an, BPS kapab verifye rezidans nenpòt lè.

### E si m pa gen prèv rezidans yo avèk mwen nan moman enskripsyon an?

Tout aplikan nouvo oblije soumèt tout twa prèv yo. Aplikan ki pa gen dokiman nesèsè yo, n ap mande yo retounen nan Santr lan avèk dokiman apwopriye pou yo

enskri. Anplwaye FRC yo pap aksepte nenpòt sibstitisyon soul is prèv ki akseptabl yo.

### E si m pa genyen yon kontra lwaye kay (lease)?

Si w pa gen yon "lease" ekri, e ke ou peye kay ou mwa aprè mwa, mande mèt kay lan pou li konplete epi siyen yon fòmilè affidavit w ap jwenn nan nenpòt Santr Resous Fanmi ou nan [www.bostonpublicschools.org/residency](http://www.bostonpublicschools.org/residency). Fòmilè sa a, ansanm avèk dènye resi kay ou peye an, ap sifi kòm prèv rezidans pou Kolòn A a. Nan moman enskripsyon an, nou pa bezwen prezans mèt kay ou an, epi ou pa oblije notarye affidavit lan.

### Kisa mwen kapab itilize kòm prèv dènye pèyman pou lwaye oubyen pou mògèj?

Ou kapab prezante kopi yon "money order", yon chèk peye, oubyen yon resi tounèf. Ou kapab prezante tou kopi yon "bank statement" ki montre yon rediksyon otomatik sou kont ou pou w peye lwaye oubyen mògèj.

### E si mwen posede kay mwen, men ke mwen pa gen yon kopi papey kay lan?

CPran kontak avèk enstitisyon finansye ki responsab aktivite mògèj ou yo oubyen kontakte "Suffolk County Registry of Deeds (24 New Chardon St., Boston, [www.suffolkdeeds.com](http://www.suffolkdeeds.com), 617-788-8575)".

### E si m posede kay mwen san m pa gen mògèj pou m peye (i.e., mwen pa dwe anyen sou kay lan)?

Si w pa gen okenn mògèj w ap peye sou kay ou, ou dwe prezante yon kopi papey kay lan, ansanm avèk yon kopi ki eksplike ke out e peye tout dèt mògaj ou yo. Sa sifi kòm prèv nesèsè rezidans ou pou Kolòn A.

### E si m pa gen pou m peye pou itilite, oubyen si youn nan bòdwo peyman itilite yo pa sou non mwen?

Si w ap viv nan yon kay kote tout itilite yo sou non yon lòt moun, E KE kozman sa a note sou "lease" ou oubyen sou affidavit mèt kay lan pataje yo avèk ou, alò, ou kapab soumèt prèv rezidans pou Kolòn B an nan non mèt kay lan oubyen nan non moun k ap viv avèk ou an. Si "lease" ou an eksplike ke li anglobe tout itilite, e ke ou pa gen pwòp liy telefòn oubyen cabl televizyon pa ou, anplwaye FRC yo pral verifye enfòmasyon sa epi n ap continue travay sou aplikasyon ou an.

### Èske bil (bòdwo) yon telefòn selilè se yon dokiman akseptab pou satisfè Kolòn B?

Non. Se sèlman bil telefòn lakay (“land-line-telefòn ak liy”) ki kapab satisfè ekzijans sa a.

### E si mwen fèk demenaje e ke m poko resevwa okenn bil pou itilite m yo?

Pou satisfè ekzijans Kolòn B yo, ou kap soumèt tou dokiman kote w aplike nan konpayi itilite yo. Dokiman say o ka eksplike ke sèvis ou yo pral enstale.

### E si mwen pa kapab prezante tout twa prèv yo?

Si akoz sikonstans pèsonèl lakay ou, li enposibl pou ou prezante prèv rezidans pou chak nan twa kolòn yo, konsilte yon anplwaye FRC. Prezante tout kopi prèv rezidans ou ka jwenn, epi eksplike sikonstans say o ki enpoze w jwenn prèv lekòl la mande yo. Anplwaye yo pral travay avèk ou, e si se nesèsè, y ap ranpli yon fòmilè aplikasyon pou apèl. Direktè FRC an pral revise tout aplikasyon pou apèl yo, epi l ap soumèt yo bay biwo sipèentandan an pou desizyon final.

### E si m ap viv avèk yon paran oubyen yon zanmi?

Si w ap viv lakay yon paran oubyen yon zanmi, ou kapab itilize fòmilè affidavit mèt kay la (w ap jwenn li sou web site e nan biwo FRC yo) pou w satisfè prèv rezidans pou Kolòn A a. Mande paran ou zanmi w lan pou l siyen affidavit la pou li pwouve ke w ap viv ak li.

Si w rete tanporèman avèk yon paran ou yon zanmi paske ou an difikilte ekonomik, pa ekzanp, ou pèdi kay ou, ou ka kalifye kòm “homeless” (ou pa gen kay) anba pwogram “No Child Left Behind (NCLB) Act” lan. Nou pa mande fanmi san kay yo pou yo prezante menm prèv rezidans. Nou mande ou antre an kontak avèk anplwaye “BPS Homeless Student Initiative (617-635-8037) yo pou asistans nan enskripsyon pitit ou an.

### E si fanmi m pa gen kay oubyen yo “homeless”?

Nou pa aplike ekzijans pou prèv rezidans yo a fanmi e elèv ki pa gen kay. Pran kontak avèk “BPS Homeless Student Initiative (617-635-8037)” poubyen vizite yon FRC pou asistans nan enskripsyon pitit ou an. Si ou rete nan yonabri an komen (shelter), mande anplwaye “shelter” yo ba ou yon lèt ki declare ke se la w ap viv.

### E si mwen se yon imigran ki pa dokimante?

Lekòl Piblik Boston yo garanti yon edikasyon gratis pou tout timoun ki gen fanmi yo ap viv nan lavil Boston. Nou pap refize lekòl a okenn timoun akoz pwoblèm imigrasyon. Nou kapab konsidere kòm “homeless” tout fanmi imigran k ap viv avèk fanmi oubyen zanmi (li kondisyon piwo an yo).

### Èske nou pap ekspoze a piblik lan dokiman sa yo m prezante kòm prèv rezidans lan?

N ap make non elèv lan sou tout dokiman nou resevwa kòm prèv rezidans yo, epi n ap konsève yo nan dosye pèsonèl elèv lan. Nan dosye sa yo, BPS respekte règleman konfidansyalite ke lwa federal ak lwa leta a te etabli yo. Pou plis enfòmasyon sou konfidansyalite dosye elèv yo, konsilte dokiman sa a “A Guide to the Boston Public Schools for Families and Students”.

### Kijan règleman rezidans nouvo yo aplike a lekòl konkou yo?

Elèv nan lekòl konkou yo, menmjan ak tout lòt elèv nan BPS, dwe abite nan lavil Boston an pou yo ale lekòl. Politik rezidans nouvo an ekzije pou aplikan pou tout twa lekòl konkou yo (Boston Latin Academy, the O’Byrant School of Mathematics & Science and Boston Latin School) pwouve key o abite nan lavil Boston anvan premye Vandredi mwa Fevriye an, pou yo ka kòmanse ale lekòl nan mwa Septanm. Nou pap envite yon aplikan vini lekòl si aplikan sa a pa prezante prèv ke l ap viv nan Boston anvan premye Vandredi Fevriye an. Si ou gen kesyon konsènan règleman pou admisyon nan lekòl konkou nou yo, rele noun an 617-635-9512.

### Si mwen sispèk yon fanmi vyole règleman rezidans yo, kijan pou m rapòte sa a?

Fanmi, anplwaye, elèv, ak lòt moun, kapab rele “Residency Tip Line” 617-635-6775 pou yo rapòte vyolasyon règleman sa yo. Apèl sa a anonim.

### Ki konsekans yon fanmi ka peye si l koupab?

Depi nou dekouvri ke yon elèv pa reside nan lavil Boston an, n ap mete l deyò nan lekòl nou yo. Nou ka aplike plis penalite – san retire amand avèk aksyon legal – sou tout fanmi nou jwenn ki vyole règleman rezidans nou yo. Fanmi elèv lan gen dwa plase apèl kontr desizyon nou yo, dabò nan “Ombudsperson”, ansuit ak Ofisye Anchaj Operasyon yo, ki, limenm, ka pran desizyon final lan. Yon elèv gen dwa kontinye vini lekòl jiskas ke nou rive nan fen solisyon pwoblèm yo.

### Si ou genyen piplis kesyon ...

... rele oubyen vizite yon Santr Resous Fanmi:

- Zòn Nò (Roxbury) 617-635-9010
- Zòn Lès (Dorchester) 617-635-8015
- Zòn Lwès (Roslindale) 617-635-8040

... oobyen vizite web site BPS la:

[www.bostonpublicschools.org/residency](http://www.bostonpublicschools.org/residency)